



Commonwealth of Massachusetts
Executive Office of Energy & Environmental Affairs

Department of Environmental Protection

Northeast Regional Office • 150 Presidential Way Woburn, MA 01801 • 978-694-3200

Maura T. Healey
Gouvènè

Kimberley Driscoll
Gouvènè Adjwen

Rebecca L. Tepper
Sekretè

Bonnie Heiple
Komisè

**Kòmantè Piblik nou te Resevwa sou Plan Patisipasyon Piblik Jistis Anviwònmanal ("EJ PIP") pou Brooke Charter School: 550 Morton Street
dapre Lwa sou Pwoteksyon Tè Imid ak Règleman Tè Imid yo
Dosye DEP #006-1931
Out 2025**

Dapre Politik Jistis Anviwònmanal Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònmanal la ("EOEEA"), ki gen dat jen, 2021,¹ ak Gid Plan Patisipasyon Piblik Jistis Anviwònmanal MassDEP, ki gen dat Desanm 2022, epi ki baze sou ekspresyon enterè piblik enpòtan manm kominote a, ki gen ladan yon Popilasyon Jistis Anviwònmanal, nan zafè sa a,² MassDEP te egzèse pouvwa li pou prepare yon plan patisipasyon piblik Jistis Anviwònmanal ("PIP") anvan yo emèt Òdonans Ranplasman Kondisyon yo ("SOC") pou yon pwojè ki konpoze ak pwopozisyon konstriksyon yon nouvo teren kominotè an gazon atifisyèl avèk pasaj pou pyeton, yon bilding twalèt, kote pou moun chita, espas estokaj, sèvis piblik, amenajman peyizaj, ak sistèm jesyon dlo lapli, pou bay piblik la yon opòtinite pou patisipe epi fè kòmantè sou pwojè Brooke Charter School la pandan li te sibi revizyon dapre Lwa sou Pwoteksyon Tè Imid yo, M.G.L. c. 131, § 40, ak règleman ki etabli nan 310 CMR 10.00 ("Règlemans Tè Imid yo"). SOC te pibliye nan dat 10 jiyè 2024 epi yon gwoup dis rezidan te fè apèl nan Biwo Apèl ak Rezolisyon Litij la ("OADR") nan dat 24 jiyè 2024. Nan dat 31 desanm 2024, MassDEP, ansanm ak Brooke Charter School ("Aplikasyon an"), te mande OADR pou mete pwosedi Odyans Jidisyè aktyèl yo an sispansyon pou pèmèt MassDEP gen opòtinite pou l trete travay yo pwopoze nan Teren Vwazen ki Sijè a Inondasyon yo ("BLSF") ak konfòmite li avèk estanda pèfòmans yo dapre 310 CMR 10.57 (4). Nan dat 10 janvyè 2025, OADR te revoye SOC la bay Biwo Rejyonal MassDEP-Northeast ("MassDEP-NERO") nan objektif limite pou egzamine BLSF la ("Lòd Ranvwa"). Lòd Ranvwa a presize nan pati ki enpòtan yo retounen SOC a bay MassDEP-NERO "espesyalman nan objektif Biwo a konsidere BLSF idantifye sou kat FEMA pa parapò a yon desizyon li emèt an akò avèk Lwa sou Pwoteksyon Tè Imid Massachusetts yo ak Règleman Tè Imid yo." Anvan yo te soti yon SOC revize pou reflète tout enpak(yo) posib sou BLSF ak

¹ Ou ka aksede a Politik Jistis Anviwònmanal EEA a nan plizyè lang nan: [Environmental Justice Policy | Mass.gov](#).

² MGL c. 30, § 62 defini Popilasyon Jistis Anviwònmanal, ak Zouti Depistaj ak Katografi Jistis Anviwònmanal la montre blòk resansman kote pwojè sa a ye a se yon Popilasyon Jistis Anviwònmanal an akò avèk definisyon legal sa a. Gade Zouti Depistaj ak Katografi [Environmental Justice Screening and Mapping Tool | US EPA](#).

Enfòmasyon sa yo disponib nan fòma altènatif. Tanpri kontakte Melixza Esenyie nan 617-626-1282.

TTY# MassRelay Service 1-800-439-2370

Sitwèb MassDEP: www.mass.gov/dep

Enprime sou Papyè Resikle

konfòmite avèk Règleman yo nan 310 CMR 10.57, MassDEP te prepare yon dezyèm PIP dapre Lòd Ranvwa a pou bay yon peryòd kòmantè piblik pou tout pati ki enterese yo soumèt kòmantè konsènan pòsyon sa yo nan pwojè yo pwopoze a ki nan BLSF. Dapre dezyèm PIP sa a, MassDEP te ekri epi bay yon Fich Enfòmasyon sou pwojè ki te tradui nan lang panyòl ak kreyòl ayisyen, epi tou li te etabli yon sit entènèt espesifik pou pwojè a; atravè sit la, ajans lan te bay tout dokiman dosye debaz yo, nan <https://www.mass.gov/lists/brooke-charter-school>.

Peryòd kòmantè piblik la pou dezyèm PIP sa a te fini nan dat 2 jen 2025, epi MassDEP-NERO te resevwa yon total 22 lèt kòmantè pa imel. MassDEP te voye imèl bay chak kòmantatè pou rekonèt li te resevwa kòmantè yo te soumèt yo. Tout 22 kòmantè ekri yo te soumèt pa moun ki pa t sipòte pwojè a. Lèt sa yo te prezante pwoblèm ak enkyetid konsènan BLSF ansanm ak sis lòt pwoblèm anviwònman ki depase kad Lòd Ranvwa a: (1) teren an gazon atifisyèl / a baz plastik ak risk sante ki asosye yo tankou PFAS, (2) retire pyebwa, (3) kreyasyon yon zile chalè, (4) pèt abita zannimo nan vil, (5) enkyetid sou emisyon gaz a efè tèmik, ak (6) jesyon dlo lapli. Pou kòmantè yo te resevwa konsènan sis pwoblèm anviwònman sa yo tanpri gade repons MassDEP pou kòmantè ki fèt nan dat 10 jiyè 2024 la. Finalman, MassDEP te resevwa tou kòmantè sou enkyetid konsènan pwosesis global la ak mezi MassDEP te pran pou bay yon PIP ki pa obligatwa pou trete mezi "Ranvwa" ki ta enkonplè yo. Kòmantè sa yo depase kad Òdonans Ranvwa a paske yo gen rapò ak pwosesis MassDEP a pou yon PIP ki pa obligatwa.

Pi ba nan dokiman sa a, MassDEP rezime tout enkyetid piblik la konsènan BLSF yo te idantifye atravè kòmantè piblik ki te soumèt yo epi li bay yon repons a kòmantè sa yo.

Kòmantè konsènan BLSF

Kòmantatè yo te sòlve enkyetid konsènan etid BLSF Aplikan an apati 2023 ki pa byen trete risk inondasyon an jan sa dekri nan kat jewografi FEMA ki te pibliye an jiyè 2024 la.

Repons MassDEP-NERO:

Règleman Tè Imid yo nan 310 CMR 10.57 (1) bay yon definisyon aplikab nan BLSF kòm "yon zòn ki gen topografi ba, plat, ki bò kote epi inonde pa dlo inondasyon k ap monte apati de ti kouran dlo, rivyè, ti rivyè, letan oswa lak. Li etann li apati de bèj pasaj dlo ak espas dlo sa yo; kote vin gen yon tè imid vejetalize akote a, li etann li apati de tè imid sa a." Anplis de sa, règleman sa yo fikse limit yon BLSF. Nan 310 CMR 10.57(2)(a)3, yo presize,

Limit Tè Vwazen ki Sijè a Inondasyon an se limit maksimòm lateral dlo inondasyon ki pral teyorikman soti nan tanpèt frekans estatistik 100 ane a. Limit sa a dwe detèmine pa referans a done pwofil inondasyon ki pi resan ki disponib ki prepare pou kominote kote yo pwopoze travay la dapre Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon an (NFIP)... Limit sa a, ki detèmine konsa, pral sipoze egzat. Sipozisyon sa a kontestab epi se sèlman prèv kredib ki founi pa yon enjenyè pwofesyonèl agreye oswa lòt pwofesyonèl konpetan nan zafè sa yo ki ka kontredi l.

Règleman Tè Imid yo nan 310 CMR 10.04 defini yon Zòn a Risk Inondasyon Espesyal kòm

zòn tè nan plèn inondab la ki sijè a yon pwobabilite inondasyon 1% nan nenpòt ane espesifik jan sa detèmine pa pi bon enfòmasyon ki disponib la, tankou, men pa sèlman, Etid Asirans Inondasyon oswa Kat Tarif ki aktyèlman efektiv oswa preliminè Ajans Federal Jesyon Ijans la (FEMA) (eksepte pou nenpòt pòsyon yon kat preliminè ki sijè a yon apèl nan FEMA) pou Tè ki Sijè a Ekoulman Tanpèt Kòt, Zòn Vitès la jan sa defini nan 310 CMR 10.04, ak Etid Asirans kont Inondasyon pou Teren Vwazen ki Sijè a Inondasyon jan sa defini nan 310.57 CMR 10.57.

Yo te pibliye kat jewografi inondasyon preliminè FEMA a pou premye fwa nan dat 19 jen 2020, pou zòn ki gen sit pwojè a. Etid sou Inondasyon 2023 Aplikan an te itilize kat inondasyon preliminè FEMA pou evalye inondasyon nan zòn ki gen sit pwojè a. Sa a se menm kat inondasyon preliminè FEMA a ki te vin efektiv an Jiyè 2024.

Kòmantè sou Dlo Lapli

Byenke yo pa enkli kòm yon kesyon ki dwe egzamine dapre Lòd Ranvwa OADR la, de kòmantè yo te resevwa yo gen ladan yo kesyon konsènan ekoulman dlo lapli nan teren an gazon atifisyèl yo pwopoze a.

Repons MassDEP-NERO a:

Revizyon yo pwopoze nan règleman dlo lapli yo, si yo pibliye jan yo ekri kounye a, pral klase teren an gazon atifisyèl yo kòm enpèmeyab pou yo an amoni avèk egzijans Sistèm Nasyonal Eliminasyon Dechaj Polisyon ("NPDES") Sistèm Minisipal Drenaj Dlo Lapli Separe yo ("MS4"). Sepandan, kounye a, Règleman Tè Imid yo ki sèvi pou revizyon pwojè sa a konsidere teren an gazon atifisyèl yo kòm yon sifas pèmeyab.

Kòmantè sou Lòd Delimitasyon Zòn Resous la ("ORAD," Dosye DEP #006-1755)

Sètèn kòmantatè te ekspriye enkyetid konsènan ekspirasyon ORAD la epi yo pa ta dwe konte sou li lè yo ap pran desizyon.

Repons MassDEP-NERO:

Nan dat 6 janvyè 2021, Komisyon Konsèvasyon Boston an te pibliye yon ORAD. ORAD la te dwe ekspire nan dat 6 janvyè 2024. Sepandan, nan dat 21 novanm 2024, Gouvènè Maura Healey te pase yon Lwa sou Pwolongasyon Pèmi ("PEA") ki pwolonje dire pèmi ak apwobasyon ki an vigè oswa ki egziste ant 1yè janvyè 2023 ak 1yè janvyè 2025. Se poutèt sa, ORAD a pa pral ekspire anvan 6 janvyè 2026.

